

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa salian ti disebut mahluk individu disebut ogé mahluk sosial, ku kituna moal leupas tina komunikasi jeung interaksi dina masarakat. Enggonging komunikasi jeung interaksi, basa miboga peran anu kacida pentingna, lantaran jadi média pikeun ngébréhkeun rasa, pamikiran, jeung rupa-rupa pamaksudan.

Sastra mangrupa karya seni anu ngagunakeun basa salaku mediumna. Sastra diciptakeun dumasar kana kanyataan anu aya di sabudeureun pangarang, nu tuluy diolah sacara kréatif sangkan boga ajén éstétis. Salian tina hasil kréativitas anu éstétis, sastra ogé jadi alat pikeun midangkeun rasa, pamikiran, pamaksudan, katut sagala rupa pasualan dina kahirupan sapopoé. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Damono (1979, kc. 1) nu nyebutkeun, yén sastra téh midangkeun gambaran kahirupan, jeung kahirupan éta sorangan hiji *kenyataan* sosial. Kahirupan anu dimaksud di dieu nya éta kahirupan masarakat nu aya di sabudeureun pangarang salaku pencipta karya sastra, lantaran pangarang mangrupa anggota masarakat. Cindekna sastra mangrupa karya seni hasil kréativitas pangarang anu ngagunakeun basa salaku mediumna, tuluy éta dijadikeun média pikeun nepikeun sawangan jeung pangalaman hirup pangarangna.

Karya sastra bisa hadir lantaran aya pangaruh ti pangarang. Kréativitas dina ngolah basa jeung ide carita jadi réalitas anu hadir dina karya pangarang. Nurutkeun Esten (2013, kc. 4), pangarang nyanghareupan hiji kanyataan anu kapanggih di masarakat (réalitas objéktif). Réalitas objéktif bisa dina wangu kajadian-kajadian, norma-norma (tata nilai), sawangan hirup, jeung wangu lianna tina réalitas objektif anu aya di masarakat. Ide carita anu dijieu ku pangarang bisa jadi antithesis tina réalitas objéktif di sabudeureunana. Pangarang nyieun réalitas nu mangrupa pamadeganna, ngagambankeun hiji kaayaan anu ideal luyu jeung sawanganna, atawa ngan saukur nyaritakeun deui gambaran kondisi masarakat anu saenyana.

Nilik kana wangunna, karya sastra téh bisa dibagi jadi tilu golongan nya éta puisi, prosa, jeung drama (Tamsyah, 1996, kc. 12). Anapon karya sastra anu kaasup kana prosa contona dongéng, carita wayang, novél, jeung carita pondok. Sedengkeun karya sastra anu kaasup kana wanda puisi contona pupuh, guguritan, mantra, jeung sajak. Karya sastra anu kaasup kana wanda drama contona gending karesmén jeung longsér.

Carita pondok téh karangan tinulis fiksi atawa rékaan anu galur caritana basajan. Hal éta lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian, tur palakuna ukur dua tilu urang. Jejer jeung latar (*setting*) carita pondok mah napak dina alam kahirupan kiwari, bédha jeung dongéng (Isnendes, 2010a, kc. 29).

Carpon mangrupa wangun sastra anu jadi titiron tina kahirupan masarakat. Sanajan caritana rékaan pangarang, tapi angger dina prosés nyiptakeunana moal leupas tina pangaruh kahirupan masarakat di sabudeureunna. Pangaruh tina lingkungan masarakat nu ahirna jadi bahan pikeun nyieun hiji carpon.

Pikeun maluruh tur nyebutkeun yén karya sastra patali jeung kahirupan masarakat tangtu kudu dipatalikeun jeung studi sastra, utamana tiori sastra dina hal pamarekan. Salasahiji pamarekan sastra nya éta sosiologi sastra.

Sosiologi sastra asalna tina dua kecap nyaéta sosiologi jeung sastra. Sosiologi nyaéta élmu ngeunaan kamekaran masarakat, medar ngeunaan hubungan antara papada jalma dina masarakat, sedengkeun sastra mangrupa rékacipta pangarang salaku anggota masarakat dina ngarékam gambaran kahirupan minangka hiji kanyataan sosial tur ngagunakeun basa salaku médiumna.

Sosiologi sastra mangrupa pamarekan dina tiori sastra anu neueulkeun hubungan antara sastra jeung masarakat, anu dipedar teu ngan saukur téks, tapi ogé kontéksna. Sosiologi sastra medar gejala saluareun sastra anu jadi kontéksna saperti fénoména sosial, psikologi pangarang, ideologi, agama, budaya, jeung sajabana.

Nurutkeun Wellek jeung Warren (dina Semi, 1984, kc 53) sosiologi sastra nyaéta hiji telaah sosiologis kana hiji karya sastra. Ieu telaah sosiologis téh miboga tilu klasifikasi nyaéta : (1) *sosiologi pangarang*, nu masualkeun ngeunaan status sosial, idéologi politik, jeung hal-hal nu patalina ngeunaan pribadi

pangarang; (2) *sosiologi karya sastra*, nu masualakeun ngeunaan karya sastra katut tujuan atawa amanat anu dikandungna; jeung (3) *sosiologi nu maca*, nu masualkeun ngeunaan pamaca jeung pangaruh éta karya di masarakat. Cindekna Sosiologi sastra nya éta pamarekan sastra anu maluruh aspék-aspék di saluareun téks sastra, patalina jeung kamasarakan lantaran miang tina élmu sosiologi.

Tina analisis sosiologi sastra urang bisa nyaho nepi ka mana sawangan jeung pangalaman hirup pangarang mangaruhan kana karyana, aspék-aspék sosiologi naon waé anu nyangkaruk dina karyana, jeung sawangan masarakat kana karyana, nepi mana karya sastra bisa mangaruhan masarakat.

Salah saurang pangarang Sunda anu tapis dina nulis carpon nyaéta Budi Rahayu Tamsyah. Carpon-carponna anu kungsi medal di sababaraha media citak dikumpulkeun dina buku kumpulan carpon “*Katalimbeng Angen-angen*” anu medal dina taun 2008. Sabada dibaca tuluy dititénan, loba carita pondok anu jejerna deukeut jeung kahirupan masarakat, lantaran nyaritakeun kajadian ogé fénoména-fénoména anu remen karandapan atawa ngan saukur kabandungan dina kahirupan sapopoé. Téma-téma anu jadi bahan carita dina ieu buku contona nyaéta pasualan pulitik, pasualan moral, hubungan papada jalma, jeung kapercayaan masarakat. Contona dina carpon *Tim Pamariksa*, anu nyaritakeun direktur hiji pausahaan BUMN anu salingkuh jeung sekretarisna, tuluy remen ngalakukeun gratifikasi pikeun nutupan kagorénganna, tina jihat sosiologitangtuna naon-naon anu geus dipilampah ku éta okoh geus ngareumpak kana norma-norma sosial.. Salian ti éta aya ogé carpon *Si Ujang Hayang Ka Kebon Binatang* anu nyaritakeun saurang supir anu boga rencana rék ulin ka kebon binatang tapi ku dununganna diaulah-ulah lantaran kudu nedunan paménta dununganna, dina ieu carita kagambarkeun kahirupan masarakat leutik. Nilik kana éta hal, panyusun milih ieu buku jadi objék panalungtikan.

Panalungtikan sastra anu ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra kungsi diayakeun sababaraha kali ku mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kalayan objék panalungtikan anu béda-béda, diantarana”Analisis Komparatif Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon (*Murang-Maring jeung Serat Sarwasatwa*) jeung Novel (*Sandékala jeung Déng*) Karangan Godi Suwarna” (Andriansyah, 2009); “Perspéktif Biografis dina Novel *Kolébat Kuwung-kuwung*

Kinasih Katumbirian jeung Galuring Gending Karya Tatang Sumarsono” (Sutisna, 2011); “Aspek Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan Karya Darpan*” (Arif Ali Abdillah, 2013); jeung “Kumpulan Carpon *Halimun Peuting* Karya Iskandarwassid: tilikan Sosiologi Sastra” (Nursolihah, 2015).

Saenjana can aya nu kungsi nalungtik kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen*, boh ajén kabahasaanna boh ajén kasusastraanna, atawa ajén kabudayaanna. Nilik kana tinimbangan di luhur ieu panalungtikan dibéré judul “Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Katalimbeng Angen-angen* Karya Budi Rahayu Tamsyah”.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan teu lega teuing jeung teu méngpar tina tujuan ogé rarancang awal, tangtuna ieu panaluntikan kudu diwatesanan. Ambahan tina sosiologi sastra kawilang lega, ku kituna ieu panalungtikan diwatesanan. Patali jeung éta hal ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan Sosiologi Sastra dumasar pamadegan Werrek jeung Wellen (dina Semi 1984 kc.53). Sosiologi sastra téh ngawengku tilu ambahan nya éta (1) *sosiologi pangarang*, anu masualkuén ngeunaan status sosial, idéologi politik, jeung hal-hal anu patalina ngeunaan pribadi pangarang; (2) *sosiologi karya sastra*, anu masualkeun ngeunaan karya sastra sarta aspek-aspek sosiologis naon waé anu aya dina karya sastra; jeung (3) *sosiologi nu maca*, anu masualkeun ngeunaan pamaca jeung pangaruh karya di masarakat. Jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kasang tukang sosial Budi Rahayu Tamsyah anu aya dina kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen*?
- 2) Aspek-aspek sosiologi anu kumaha waé nu aya dina kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen* karya Budi Rahayu Tamsyah?
- 3) Kumaha resepsi (*tanggapan*) nu maca (kritikus sastra, ahli sastra, guru, mahasiswa, jeung masarakat umum) kana kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen* karya Budi Rahayu Tamsyah?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan. Anapon éta tujuan dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh tur ngaguar aspék sosiologi anu aya dina kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen* karya Budi Rahayu Tamsyah.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsiéun:

- 1) kasang tukang sosial Budi Rahayu Tamsyah dina kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen*;
- 2) aspék-aspék sosiologi anu aya dina kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen* karya Budi Rahayu Tamsyah;
- 3) tanggapan nu maca (kritikus, ahli sastra, guru, mahasiswa, jeung masarakat umum) kana kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-angen* karya Budi Rahayu Tamsyah.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan téh ngawengku dua aspék, nya éta (1) mangpaat tioritis jeung (2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban deui panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra dina kasusastraan Sunda. Lian ti éta, ogé ieu panalungtikan bisa dijadikeun pikeun dokumén sosial budaya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun kamekaran élmu bisa ngeuyeuban référensi ulikan sosiologi sastra boh mahasiswa boh sastrawan dina nalungtik sastra Sunda;
- 2) pikeun lembaga kasundaan ngeuyeuban panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra dina kandaga kasusastraan Sunda;
- 3) pikeun panyusun bisa ngeuyeuban deui pangaweruh ngeunaan sosiologi sastra;
- 4) pikeun masarakat bisa jadi bahan informasi jeung dokuméntasi.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika penulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta:

BAB I Bubuka

Medar ngeunaan kasang tukang panaluntikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka

Ulikan pustaka anu medar sosiologi sastra, sajarah kamekaran sosiologi sastra, carita pondok Sunda jeung kamekaran carita pondok Sunda.

BAB III Métode Panalungtikan

Medar métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, data, sumber data, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan

Medar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung Saran

Eusina nyaéta kacindekan jeung saran tina panalungtikan.